

Gid Enspeksyon FHV

Lis pou Enspeksyon, sa TLC
Egzije:

Lis pou Enspeksyon, sa DMV
Egzije (Si otomobil ou an gen
plis pase 500 mil):

**Pou jwenn plis
enfòmasyon ale sou:
[www.nyc.gov/
tlcinspections](http://www.nyc.gov/tlcinspections)**

Pou Otomobil ki Disponib pou Travay Gid Enspeksyon

**Kisa mwen dwe pote?
Kisa k ap pase si mwen
pa pase?
Lis Verifikasyon pou
Enspeksyon an**

**NYC Taxi & Limousine Commission
Safety & Emissions Division
24-55 BQE West
Woodside, NY 11337**

**NYC[®]
Taxi & Limousine
Commission**

Gid Enspeksyon pou Otomobil ki Disponib pou Travay

Enfòmasyon Jeneral:

1. Biwo Divizyon Sekirite ak Emisyon TLC a nan:
24-55 BQE West
Woodside, NY 11377
2. Èske ou te aplike pou yon lisans FHV? Apre TLC apwouve aplikasyon ou an (swa sou entènèt oswa sou papye) pou yon lisans Otomobil ki Disponib pou Travay, TLC pral voye yon *Lèt Randevou* ba ou pa imèl ki gen dat ak lèt enspeksyon TLC ou a. Lisans otomobil ou an p ap valid toutotan otomobil ou an poko pase yon enspeksyon TLC.
3. Èske w ap chanje otomobil ki sou lisans FHV ou gen kounye a?
4. W ap ka **eseye kat (4) fwa** pou pase enspeksyon otomobil TLC a. Si otomobil ou a pa pase premye enspeksyon an, w ap gen w ap ka eseye twa (3) fwa ankò pou pase enspeksyon otomobil lan nan yon delè **60 jou** apre premye enspeksyon ou a.

Kisa mwen dwe pote nan enspeksyon mwen an?

Ou dwe pote tout bagay sa yo ki anba la a nan enspeksyon an. Si ou pa pote nenpòt nan bagay sa yo, yo p ap enspekte otomobil ou an.

1. Papye anrejistreman otomobil la.
2. Yon lisans chofè TLC oswa lisans chofè TLC ki valid.

Kisa pou mwen fè si mwen rate lè enspeksyon mwen an pwograme a?

Si ou pa rive nan yon delè inèdtan lè enspeksyon ki pwograme pou ou a, baz ou a pral bezwen mande yon nouvo randevou. Si ou rate randevou w la, yo pral konsidere li kòm premye fwa ou te eseye pase epi ou pral rete sèlman twa (3) fwa pou eseye ankò.

Kisa k ap pase si otomobil mwen an pa pase pòsyon DMV enspeksyon an?

Si otomobil ou a pa pase enspeksyon an, rapò enspeksyon otomobil yo ba ou a pral gen yon lis pwoblèm DMV enspektè TLC a te idantifye.

Ou dwe korije pwoblèm yo epi retounen nan Sant Enspeksyon TLC a lè yo make li louvri nan Rapò Enspeksyon an. Ou pa bezwen pran yon randevou pou fè yon re-enspeksyon.

Kisa k ap pase si otomobil mwen an pa pase pòsyon TLC enspeksyon an?

Si machin ou a pase pòsyon DVM enspeksyon an, men li pa pase pòsyon TLC a, y ap ba ou yon Avi Vyolasyon. Avi Vyolasyon an pral gen yon lis pwoblèm TLC enspektè TLC a te idantifye.

Ou dwe korije pwoblèm yo epi retounen nan sant Enspeksyon TLC a lè yo make li louvri nan Rapò Enspeksyon an **avan dat konfòmite ki make nan Avi Vyolasyon an** pou w evite resevwa yon sitasyon TLC. Ou pa bezwen pran yon randevou pou fè yon re-enspeksyon.